
Yon Bon Kote Pou Moun Rete

Entwodiksyon

Li enpòtan pou moun genyen yon bon kote pou yo rete. Gras ak Ajans Lojman Piblik ou a (PHA), Pwogram Sètifika ak Pwogram Vawchè pou Lojman ki baze sou lwa ki rele Seksyon 8 la, ede ou lwe yon bon kote. Ou lib pou w chwazi nenpòt ki apatman ou nenpòt ki kay ou vle, depi li ranpli kèk kondisyon ki baze sou kalite. Daprè Pwogram Sètifika Seksyon 8 la, lojman an pa dwe koute plis pase pri lwaye nòmal ki sou mache a (an anglè: Fair Market Rent). Sepandan, daprè Pwogram Vawchè pou Lojman an, yon fanmi kapab deside lwe yon kay oubyen yon apatman ki chè e peye lajan ki an plis la. PHA ou a va ba ou plis enfòmasyon sou tou le 2 pwogram yo, e sou kijan yo detèmine kontribisyon pa ou nan lwaye a.

Kondisyon sou Kalite yon Lojman

Wòl kondisyon sou kalite lojman yo se garanti ke kay ou pral toujou gen sekirite, lasante ak sa k ap fè ou santi w alèz. Nan Pwogram Sètifika ak Pwogram Vawchè pou Lojman ki baze sou Seksyon 8 la, genyen 2 tip gid sou kalite yon lojman: 1). Bagay yon kay dwe genyen pou PHA a kapab apwouve li pou pwogram yo; 2). Lòt bagay ki, daprè sa ou panse, kapab satisfè bezwen fanmi ou. Se ou ki dwe deside kisa bagay sa yo ye.

Pwogram Sètifika ak Pwogram Vawchè pou Lojman ki baze sou Seksyon 8 la

Pwogram Sètifika ak Pwogram Vawchè pou Lojman ki baze sou Seksyon 8 la pèmèt ou chwazi yon kay oubyen yon apatman ou renmen. Se kapab kote w ap viv kounyeya oubyen yon lòt kote. Kondisyon endispansab yo se bagay de baz ke tout apatman dwe genyen. Men, yon lojman ki genyen tout bagay endispansab yo, kapab pa genyen tout sa ou bezwen oubyen tout sa ou ta renmen. Avèk èd Pwogram Sètifika ak Pwogram Vawchè pou Lojman ki baze sou Seksyon 8 la, ou dwe an mezi pou w peye pou yon bon kay/apatman; konsa, ou fèt pou reflechi sou sa ou ta renmen kay ou genyen. Ou kapab ta renmen genyen yon gwo kwizin oubyen anpil fenèt, oubyen yon apatman ki sou premye etaj la (premye flò a). Mi ki kouvri ak papye kapab ba ou pwoblèm; kèk penti kapab nwi ou tou. Reflechi sou bagay sa yo pandan w ap chache yon lojman. Silvouplè, pran tan pou ou li YON BON KOTE POU MOUN RETE. Si ou ta renmen rete kote w ap viv kounyeya, sèvi ak ti liv sa a pou w wè si kay la oubyen apatman an satisfè tout kondisyon sou kalite lojman. Si ou deside bwote, sèvi ak li chak fwa ou sòti al chache yon lòt kay ou apatman, e bòn chans nan efò w ap fè pou w jwenn yon bon kote pou w rete. Li chak pati avèk atansyon. Lè ou fin jwenn yon kote pou w rete, ou va kapab pase nan faz ki rele *Demand pou Apwobasyon Lwaye* (an anglè: *Request for Lease Approval*). Ou kapab jwenn yon kote pou w rete ki genyen kèk pwoblèm ladan n. Pale ak PHA ou a pou w konnen kisa pou w fè, paske petèt gen posiblite pou yo rezoud pwoblèm sa yo.

Kondisyon yo

Chak kay ou chak apatman dwe genyen o-mwen yon salon, yon kwizin ak yon twalèt. Si apatman an se yon stidyò yon chanm, ki genyen sèlman yon kwizin, se bon tou. Sepandan, fòk genyen yon twalèt separe pou sèvis prive fanmi an. An jeneral dwe genyen yon chanm a kouche pou chak 2 manm fanmi an.

1. Salon

Salon an dwe genyen :

Plafon

Yon plafon ki nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou ki fè mak nan plafon an, ki lakoz plafon an vin bonbe seryezman, ki ka fè gwo moso materyo konstriksyon (tankou siman ou lòt bagay ki plake sou plafon an) vin detache, devise oubyen tonbe.

Mi

Mi ki nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou ki fè mak nan mi an, ki lakoz mi an vin bonbe oubyen panche seryezman, ki ka fè gwo moso materyo konstriksyon (tankou siman ou lòt bagay ki plake sou mi an) vin detache, devise oubyen tonbe.

Elektrisite

Fòk genyen 2 pozisyon pou plòg elektrik, oubyen yon plòg elektrik ak yon sòkèt anlè pou enstalasyon limyè. Pa konte lanp pou tab ou pou planche, lanp plafon ki nan yon sòkèt, oubyen alonj elektrik, paske yo pa pèmanan.

- Bagay ki pa akseptab, se kab elektrik ki kase oubyen ki dekalè, oubyen enstalasyon limyè ki pandye sou kab elektik san sipò fèm (tankou yon chenn pou kenbe l), switch elektrik oubyen plòg kouran ki pa kouvri kòm sadwa, plòg kouran ki kraze seryezman.

Planche

Yon planche ki nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou, moso-planch ki manke ou ki mal plase, oubyen yon kouvèti planche ki kapab fè moun manke tonbe ou tonbe.

Fenèt

Yon fenèt pou pi piti. Tout fenèt fèt pou nan bon kondisyon.

- Sa ki pa akseptab, se fenèt ak vit ki fann seryezman, ki kraze ou fenèt ki pa gen vit ditou, avèk fenèt ki pa ka fèmen, oubyen ki kite fredy oubyen chalè deyò a antre, menmsi yo fèmen.

Seri

Fòk gen yon seri ki travay byen sou chak fenèt e chak pòt moun kapab rive touche pandan yo deyò. Fòk genyen tou yon koulwa kote tout moun ka fè ale-vini nan kay la (apatman an), yon kote pou moun chape si gen dife, yon galri oubyen nenpòt ki lòt pati nan kay la ki deyò, kote


moun ka ale an pasan pa teren ki bò kay la. Yon fenèt ki pa kapab ouvè se yon bagay ki akseptab.

Penti

- Fòk pa gen penti k ap dekole ou detache si ou gen timoun ki poko gen 6 zan e si kay la ou apatman an te bati anvan 1978.

Ou fèt pou reflechi tou sou bagay sa yo:

- Kalte seri ki nan fenèt ak pòt yo
-- Eske yo gen sekirite e ofri sekirite?
-- Eske gen fenèt yo kloure pou fèmèn yo alòske ou ta renmen ouvè yo?
- Kondisyon fenèt yo.
-- Eske genyen ti mak fann nan vit yo?
- Kantite izolasyon ki genyen alantou pòt yo ak fenèt yo.
--Eske genyen doub fenèt?
--Eske genyen yon enstalasyon ki byen kontwole konsomasyon è-kondisyone ak chofaj? Si se ou k ap peye kouran/gaz/lwil, sa kapab enpòtan pou w konnen.
- Pozisyon plòg kouran ak enstalasyon pou limyè.
- Eta penti ak papyè ki kouvri mi yo
--Eske yo ize, dekole oubyen sal?
- Eta planche a
--Eske li plen mak sou li oubyen eske li ize?



2. Kwizin

Kwizin nan fèt pou genyen:

Plafon

Yon plafon ki nan bon kondisyon

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou ki fè mak nan plafon an, ki lakoz plafon an vin bonbe seryezman, ki ka fè gwo moso materyo konstriksyon (tankou siman ou lòt bagay ki plake sou plafon an) vin detache, devise oubyen tonbe.

Depo

Yon kote pou w sere manje

Elektrisite

Fòk genyen omwen yon pozisyon pou plòg elektrik, avèk enstalasyon pèmanan pou limyè. Pa konte lanp pou tab ou pou planche, lanp plafon ki nan yon sòkèt, ak alonj elektrik, paske yo pa pèmanan.

- Bagay ki pa akseptab, se kab elektrik ki kase oubyen ki dekalè, oubyen enstalasyon limyè ki pandye sou kab elektik san sipò fèm (tankou yon chenn pou kenbe l), switch elektrik oubyen plòg kouran ki pa kouvri, plòg kouran ki kraze seryezman.

Fou Elektrik

Yon fou elektrik k ap fonksyone byen (li posib pou se lokatè a ki bay aparèy sa a).

Planche

Yon planche ki nan bon kondisyon.

Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou, moso-planch ki manke ou ki mal plase, oubyen yon kouvèti planche ki kapab fè moun manke tonbe ou tonbe.

Zòn Preparasyon

Yon espas ki rezève pou prepare manje.

Penti

Fòk pa gen penti k ap dekole ou detache si ou gen timoun ki poko gen 6 zan e si kay la ou apatman an te bati anvan 1978.

Fenèt

Si genyen yon fenèt, fòk li nan bon kondisyon.

Seri

Fòk gen yon seri ki travay byen sou chak fenèt e chak pòt moun kapab rive touche pandan yo deyò. Fòk genyen tou yon koulwa kote tout moun ka fè ale-vini nan kay la (apatman an), yon kote pou moun chape si gen dife, yon galri oubyen nenpòt ki lòt pati nan kay la ki deyò, kote moun ka ale an pasan pa teren ki bò kay la. Yon fenèt ki pa kapab ouvè se yon bagay ki akseptab.

Mi

Mi ki nan bon kondisyon

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou ki fè mak nan mi an, ki lakoz mi an vin bonbe oubyen panche seryezman, ki ka fè gwo moso materyo konstriksyon (tankou siman ou lòt bagay ki plake sou mi an) vin detache, devise oubyen tonbe.

Zòn pou sèvi manje

Se yon kote pou moun sèvi manje.

- Yon sal-a-manje separe ou byen yon zòn pou moun manje nan salon an, se yon bon bagay tou.

Frijidè

Yon frijidè ki kenbe tanperati a ba ase pou manje pa gate. (Se posib pou se lokatè a ki bay aparèy sa a).


Eveye

Yon evye avèk dlo kourant ladan n (dlo cho ak dlo frèt).

- Yon evye ki nan yon twalèt p ap satisfè kondisyon sa a.

Ou ta dwe panse tou sou bagay sa yo:

- Ki gwòsè kwizin nan
- Ki lajè, ki pozisyon e ki kondisyon espas w ap bezwen pou sere, prepare e sèvi manje. Eske se yon espas ki apwopriye (ki bon) pou kantite moun ki nan fanmi ou?
- Ki lajè, ki pozisyon e ki kondisyon frijidè a? Eske se yon frijidè ki apwopriye (ki bon) pou kantite moun ki nan fanmi ou?
- Lajè, kondisyon ak pozisyon evye a.
- Lòt aparèy menaje ou ta vle genyen.
- Plis plòg kouran.



3. Twalèt

Twalèt la dwe genyen:

Plafon

Yon plafon ki nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou ki fè mak nan plafon an, ki lakoz plafon an vin bonbe seryezman, ki ka fè gwo moso materyo konstriksyon (tankou siman ou lòt bagay ki plake sou plafon an) vin detache, devise oubyen tonbe.

Fenèt

Yon fenèt ki ouvè, oubyen yon vantilatè pou chase chalè k ap travay byen.

Seri

Fòk gen yon seri ki travay byen sou chak fenèt e chak pòt moun kapab rive touche pandan yo deyò. Fòk genyen tou yon koulwa kote tout moun ka fè ale-vini nan kay la (apatman an), yon kote pou moun chape si gen dife, yon galri oubyen nenpòt ki lòt pati nan kay la ki deyò, kote moun ka ale an pasan pa teren ki bò kay la.

Twalèt

Yon twalèt ki travay byen lè ou flòch li.

Basen oubyen Douch

Yon basen oubyen yon douch ki genyen dlo kourant ladan n (dlo cho ak dlo frèt).

Planche

Yon planche ki nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou, moso-planch ki manke ou ki mal plase, oubyen yon kouvèti planche ki kapab fè moun manke tonbe ou tonbe.

Penti

- Fòk pa gen penti k ap dekole ou detache si ou gen timoun ki poko gen 6 zan e si kay la (apatman an) te bati anvan 1978.

Mi

Mi ki nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou ki fè mak nan mi an, ki lakoz mi an vin bonbe oubyen panche seryezman, ki ka fè gwo moso materyo konstriksyon (tankou siman ou lòt bagay ki plake sou mi an) vin detache, devise oubyen tonbe.

Elektrisite

Fòk genyen omwen yon pozisyon anlè pou kouran elektrik pèmanan oubyen enstalasyon nan mi pou limyè.

- Bagay ki pa akseptab, se kab elektrik ki kase oubyen ki dekale, oubyen enstalasyon limyè ki pandye sou kab elektik san sipò fèm (tankou yon chenn pou kenbe l), switch elektrik oubyen plòg kouran ki pa kouvri, plòg kouran ki kraze seryezman.


Evyè

Yon evyè avèk dlo kourant ladan n (dlo cho ak dlo fret).

- Yon evyè ki nan yon twalèt p ap satisfè kondisyon sa a.

Ou ta dwe panse tou sou bagay sa yo:

- Ki gwosè twalèt la e ki valè entimite yon moun ap genyen ladan n.
- Ki aparans twalèt la, evyè a, ak basen ou douch twalèt la.
- Ki aparans kwen kote planche twalèt la rankontre ak mi an, ak kote basen an rankontre ak mi a.
- Ki aparans planche a ak mi yo.
- Ki gwosè aparèy ki chofe dlo a.
- Yon kabinè/plaka ki genyen yon glas ladan n.



4. Lòt Chanm

Pami lòt chanm kote moun kapab viv, genyen: chanm-a-kouche, ti estidyo, koulwa, avèk besment ki fin fèt nèt, oubyen ankò galri ki fèmèn e ki gen chofaj. Kondisyon ki poze pou lòt chanm kote moun ka rete, se menm kondisyon pou chanm abite yo, jan nou pral eksplike sa a.

Lòt chanm ki sèvi pou moun rete dwe genyen :

Plafon

Yon plafon ki nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou ki fè mak nan plafon an, ki lakoz plafon an vin bonbe seryezman, ki ka fè gwo moso materyo konstriksyon (tankou siman ou lòt bagay ki plake sou plafon an) vin detache, devise oubyen tonbe.

Mi

Mi ki nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou ki fè mak nan mi an, ki lakoz mi an vin bonbe oubyen panche seryezman, ki ka fè gwo moso materyo konstriksyon (tankou siman ou lòt bagay ki plake sou mi an) vin detache, devise oubyen tonbe.

Penti

- Fòk pa gen penti k ap dekole ou detache si ou gen timoun ki poko gen 6 zan e si kay la (apatman an) te bati anvan 1978.

Elektrisite nan chanm yo

Se menm ak kondisyon ki nesèsè pou yon salon.

Nan Tout Lòt Chanm ki Sèvi pou Moun Rete: Pa genyen yon kondisyon egzat pou elektrisite; sepandan, fòk genyen swa limyè natirèl (tankou sa ki sòti nan yon fenèt) oubyen enstalasyon limyè elektrik oubyen yon plòg kouran.

Planche

Yon planche ki nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se gwo fant oubyen gwo twou, moso-planch ki manke ou ki mal plase, oubyen yon kouvèti planche ki kapab fè moun manke tonbe ou tonbe.

Seri

Fòk gen yon seri ki travay byen sou chak fenèt e chak pòt moun kapab rive touche pandan yo deyò. Fòk genyen tou yon koulwa kote tout moun ka fè ale-vini nan kay la (apatman an), yon kote pou moun chape si gen dife, yon galri oubyen nenpòt ki lòt pati nan kay la ki deyò, kote moun ka ale an pasan pa teren ki bò kay la.

Fenèt


Nan chak chanm moun itilize pou yo dòmi, fòk genyen omwen yon fenèt ki kapab ouvè si yo te fè li pou l ouvè. Chak fenèt fèt pou nan bon kondisyon.

- Bagay ki pa akseptab, se fenèt ak vit ki fann seryezman, ki kraze ou fenèt ki pa gen vit ditou, avèk fenèt ki pa ka fèmen, oubyen ki kite fredri oubyen chalè deyò a antre, menmsi yo fèmen.

Lòt chanm kote moun pa rete, se petèt : yon chanm pou sèvis tankou lave e seche rad, besment ak galri. Yo dwe tcheke cham sa yo pou rezon sekirite e pou wè si yo pa gen pwoblèm elektrik oubyen lòt danje (tankou mi ak plafon ki menase pou yo tonbe) pwiske bagay sa yo enpòtan pou sekirite tout apatman an. Se konsa tou, ou ta dwe chache wè si pa gen lòt danje ki ka prezante, tankou gwo twou nan mi yo, sou planche yo, oubyen nan plafon yo, oubyen eskalye ki pa fin gen sekirite nèt. Pa bliye tcheke tout bagay sa yo nan tout chanm kote moun pa rete.

Ou ta dwe reflechi sou bagay sa yo tou:

- Kisa ou ta vle fè ak lòt chanm yo
- Eske ou ka sèvi ak yo jan ou vle?
- Kalte seri ki nan fenèt ak pòt yo.
- Eske yo gen sekirite e ofri sekirite?
- Eske yo kloure kèk fènèt pou yo rete fèmen, alòske ou ta renmen ouvè yo?
- Kondisyon fenèt yo.
- Eske genyen ti mak fann nan vit yo?
- Kantite izolasyon nan fenèt yo.
- Eske genyen doub fenèt?
- Eske genyen yon enstalasyon ki byen kontwole konsomasyon è-kondisyon ak chofaj? Si se ou k ap peye kouran/gaz/lwil, sa kapab enpòtan pou w konnen.
- Pozisyon plòg elektrik yo ak sòkèt limyè yo.
- Kondisyon penti a ak papyè ki sou mi yo
- Eske yo ize, dekole oubyen sal?
- Kondisyon planche yo.
- Eske yo gen mak sou yo, eske yo ize?



5. Pati Andeyò kay la, Plonbri avèk Sistèm Chofaj

Kay la dwe genyen:

Tèt-kay

Yon tèt-kay nan bon kondisyon ki pa koule, avèk goutyè -- si li genyen goutyè anfòm tiyo pou pèmèt dlo desann, fòk yo nan bon kondisyon e tache byen solidman sou kay la.

- Jeneralman prèv ki montre yon kay koule, se mak dlo ki nan plafon an anndan kay la.

Ranp andeyò kay la

Fòk genyen ranp sou nenpòt ki eskalye ki genyen yon sèten longè (pa ekzanp, an jeneral yo genyen 4 mach ou plis); fòk genyen ranp tou sou galri, balkon oubyen sou *dèk* ki genyen 30 pous ou plis toujou pi wo pase nivo tè a.

Mi

Pati mi yo ki bay sou deyò fèt pou nan bon kondisyon; yo pa dwe genyen okenn gwo twou oubyen mak-kase ki ta ka kite yon gwo kantite lè antre anndan an.

Fondasyon

Yon fondasyon ki nan bon kondisyon, san okenn fwit grav.

Enstalasyon pou Dlo

Yon sistèm plonbri ki resevwa dlo ki sòti nan yon sistèm distribisyon dlo piblik ou prive ke otorite yo apwouve. Si ou gen kesyon sou sa, pale ak manadjè a oubyen pwopriyetè a.

Sistèm Egou

Yon sistèm plonbri ki konekte avèk yon sistèm egou ki elimine deche; sistèm egou sa a kapab piblik ou prive e se pou otorite yo apwouve li. Si ou gen kesyon sou sa, pale ak manadjè a oubyen pwopriyetè a.

Chemine

Okenn chemine pa dwe panche yon fason grav, ni li pa dwe gen defo –tankou gwo mak-kase oubyen anpil brik ki manke.

Penti

Fòk pa gen penti k ap dekolè, dekalè ou detache si ou gen timoun ki poko gen 6 zan e si kay la ou apatman an te bati anvan 1978.

- Sa konsène pati mi yo ki bay sou deyò, eskalye, dèk, galri, balistrad ou griy, fenèt avèk pòt yo.

Yon klima ki fre

Fòk genyen kèk fenèt ki kapab ouvè, oubyen bon jan ekipman ki la pou bay van oubyen pou rafrechì lè a, e ki kapab pèmèt lè a sikile pandan mwa cho yo.

Plonbri

Tiyo ki nan bon kondisyon, san fwit ni wouy grav ki ta kapab lakoz dlo a chanje koulè.

Aparèy ki bay dlo cho

Fòk genyen yon aparèy ki bay dlo cho ki plase, ekipe e enstale an tout sekirite. Pale sou sa ak manadjè a.


Chofaj

Fòk genyen ase ekipman pou bay chofaj, yon fason pou kay la (apatman an) kapab rete konfòtab pandan mwa ki fè frèt yo.

- Bagay ki pa akseptab, se aparèy chofaj detache (yo rele yo tou aparèy chofaj chanm) ki boule gaz oubyen lwil e ki pa voye van deyò atravè chemine a. Aparèy chofaj ki voye van nan chemine a se aparèy ki akseptab si yo bay chalè ase.

Ou ta dwe reflechi sou bagay sa yo tou:

- Eske apatman an (kay la) genyen bon jan antretyen ou non?
- Kalite ekipman chofaj la.
 - Eske li pral kapab bay ase chalè pou ou pandan sezon ivè a, ase chalè pou tout chanm kote moun rete?
- -Tip enstalasyon ki ofri chofaj ou è-kondisyon, e ki kantite li ofri? Epi ki konsekans sa genyen sou pri gaz/elektrisite/lwil?
 - Eske genyen izolasyon?
 - Eske genyen doub fenèt?
 - Eske genyen izolasyon alantou pòt yo ak fenèt yo?
- Sikilasyon lè a oubyen tip ekipman ki rafrechì kay la (si genyen youn).
 - Eske kay la pral fre ase pou ou pandan sezon ete a (sezon chalè a)?



Atansyon: Si ou pa kapab tcheke bagay sa yo pou kont ou, enspektè HUD la kapab fè li lè kay-la ap enspekte.

6. Sante ak Sekirite

Bilding nan ak rès pwopriyete a dwe genyen:

Aparèy pou detekte lafimen

Omwen yon detektè lafimen pou chak etaj bilding nan –san bliye besment la. Si gen yon moun kèlkonk nan fanmi ou ki soud, detektè lafimen an dwe genyen yon alam ki bon pou moun ki pa tande.

Kote pou Moun Chape pou Dife

Bilding nan dwe genyen yon kote pou moun chape sizoka ta gen dife (tankou eskalye pou moun kouri pou dife, oubyen fenèt kote moun ka kite kay la rapidman, gras ak yon nechèl si fenèt yo pi wo pase dezyèm etaj la).

Asansè

Asire ou ke asansè yo gen sekirite e y ap travay byen.

Antre

Fòk gen yon antre moun ka itilize pandan yo deyò, oubyen pandan yo nan yon koulwa piblik, de kwa pou l pa nesèsè pou yo pase nan apatman prive yon lòt moun pou yo antre nan kay la/apatman an.

Vwazinaj

Fòk pa gen nan vwazinaj la ni anplasman, ni espas ni bagay ki danjre, tankou:

- Bilding ki tou pre e ki prèt pou tonbe;
- Falèz oubyen pant ki san pwoteksyon;
- Bagay ki ka lakoz dife pran pa aza
- Prèv ki montre te gen inondasyon

Poubèl/Fatra

Pa dwe genyen gwo pil fatra ni gwo poubèl anndan ou andeyò kay la, ni nan zòn plizyè lokatè itilize, tankou koulwa pa egzansp. Fòk gen yon kote pou kenbe poubèl jiskaske yo vin pran yo. Fòk kote sa a rete fèmen byen fèmen, de kwa pou rat oubyen lòt bèt pa kapab antre la. Se pou yo vin wete fatra a regilyèman.

Limyè

Se pou genyen limyè ki mache byen nan tout koulwa plizyè lokatè itilize e nan eskalye ki anndan bilding nan.

Eskalye ak Koulwa

Eskalye ki anndan bilding nan dwe genyen ranp, e koulwa plizyè lokatè itilize dwe genyen sekirite e yo fèt pou nan bon kondisyon. Nan zòn sa yo, si genyen yon ti penti ki dekalè, dekole ou k ap tonbe, se akseptab si pwoblèm nan pa grav.

Polisyon

Fòk pa genyen polisyon lè ki grav, tankou lafimen k ap anvayi kay la oubyen gaz k ap sòti nan twou-egou pou antre nan kay la.

Rat oubyen Vèmin


Fòk pa gen siy ki montre gen rat nan kay la oubyen gwo kantite sourit ou vèmin (tankou ravèt).

Pou Kay Prefabrike : Atachman

Yo kapab depoze kay prefabrike nan anplasman an yon fason ki bay kay la estabilite; men fòk pa gen danje pou kay la glise oubyen pou van domaje li.

Ou ta dwe reflechi tou sou bagay sa yo:

- Ki kote nan kay la w ap itilize pou moun chape si gen dife.
-- Eske se yon kote ki apwopriye pou fanmi ou?
- Eske kay la (apatman an) gen sekirite fanmi ou bezwen an?
- Eske fenèt yo ak pòt yo genyen twil e eske yo doub pou kenbe fredy deyò?
- Sèvis nan vwazinaj la
-- Eske gen boutik ak magazen tou pre a?
-- Eske gen lekòl tou pre a?
-- Eske gen lopital tou pre a?
-- Eske gen transpò piblik tou pre a?
- Eske gen chans pou moun jwenn travay nan zòn nan?
- Eske w ap kapab peye pou gaz/lwil/elektrisite, epi eske kay la (apatman an) konsome anpil gaz/lwil/elektrisite oubyen non?
- Pa bliye li ti liv ki pale de “plon nan penti” a, espesyalman si kay la (apatman an) ansyen --si li te bati anvan 1978. Se PHA a oubyen pwopriyetè a k ap ba ou ti liv sa a.



Atansyon: Si ou pa kapab tcheke bagay sa yo pou kont ou, enspektè PHA la kapab fè li lè kay-la ap enspekte.

Pwiske kounyeya ou fin li ti liv sa a, ou konnen yon kay (yon apatman) dwe satisfè 2 tip kondisyon sou bon kalite yon lojman dwe genyen, pou otorite responsab yo konsidere li kòm yon kote ki bon pou moun abite:

- Gen bagay li dwe genyen ladan n pou yo apwouve li pou Pwogram Sètifika pou Lwaye Seksyon 8 la ak Program Vawchè pou Lwaye a.
- Plis lòt bagay ou ka panse ki nesèsè pou satisfè bezwen fanmi ou.

Ou konnen kondisyon sa yo aplikab pou 6 pati nan kay la (apatman an):

1. Salon
2. Kwizin
3. Twalèt
4. Lòt Chanm
5. Pati andeyò bilding nan, Plonbri ak Chofaj
6. Sante ak Sekirite

Ou konnen, lè yon kay (yon apatman) satisfè kondisyon sou bon kalite yon lojman, se yon kay k ap bay fanmi ou sekirite, ki satisfè kondisyon pou fanmi an gen bon sante e santi l alèz. Se yon bon kote pou moun rete.

Lè ou fin jwenn yon bon kote pou ou rete, ou kapab kòmanse faz Demand pou Apwobasyon Lwaye a. Lè ou menm ak pwopriyetè a fin siyen Demand Pou Apwobasyon Lwaye a epi PHA a fin resevwa li, gen yon enspeksyon ofisyèl ki pou fèt. PHA a va fè ni ou menm ni pwopriyetè a konnen rezilta enspeksyon an.

Si kay la (apatman an) pase enspeksyon an, yon kontra-lwaye kapab siyen. Se posib toujou pou ou menm oubyen PHA a ta renmen wè kèk bagay sibi amelyorasyon. Nan ka sa a, pandan w ap siyen kontra a, ou menm ak PHA w la byen kapab negosye pou amelyorasyon sa yo fèt. Si pwopriyetè a pa vle fè travay la, pètèt ou va kapab fè li peye pou materyo yo epi ou va fè travay la ou menm.

Si kay la (apatman an) pa pase enspeksyon an, ou menm avèk/oubyen PHA a kapab eseye pran tèt pwopriyetè a pou l fè reparasyon ladan n pou l kapab pase enspeksyon an. Posibilite pou pwopriyetè a deside fè reparasyon yo pral depann de gravite reparasyon sa yo e kòb yo ka koute.

Si rezilta enspeksyon an pa bon, se pou tout reparasyon fèt, e kay la (apatman an) dwe enspekte yon lòt fwa anvan pou yon kontra-lwaye siyen. Si pwopriyetè a pa vle (oubyen pa kapab) fè reparasyon yo --menmsi se reparasyon ki pa konplike—fòk ou chache yon lòt lojman. Chache konprann byen pou kisa kay la (apatman an) pa pase enspeksyon an, konsa ou va gen plis chans pou w reyisi pwochen fwa w ap chache kay.

Responsablite biwo lojman piblik la

- Chache gen asirans ke tout kay/apatman ki nan Pwogram Sètifika Seksyon 8 la ak Pwogram Vawchè pou Lojman an, satisfè kondisyon sou bon kalite lojman.
- Enspekte kay/apatman nan kad repons Demand Pou Apwobasyon Kontra Lwaye a. Mete lokatè potansyèl la ak pwopriyetè a okouran rezilta yo ak aksyon ki nesèsè yo.
- Ankouraje lokatè yo ak pwopriyetè yo pou yo kenbe kay la (apatman an) yon fason ki satisfè règleman yo.
- Fè enspeksyon si lokatè oubyen pwopriyetè plenyen oubyen si yo mande sa. Mete lokatè a ak pwopriyetè a okouran rezilta yo ak aksyon ki nesèsè yo, epi di yo ki tan yo genyen pou yo fini travay sa a.
- Fè enspeksyon anyèl nan kay la/apatman an pou garanti li toujou satisfè kondisyon sou bon kalite lojman yo. Mete lokatè a ak pwopriyetè a okouran rezilta yo ak aksyon ki nesèsè yo, epi di yo ki tan yo genyen pou yo fini travay sa a.

Responsablite lokatè a

- Respekte kondisyon ki nan kontwa lwaye a.
- Toujou kenbe kay la (apatman an) an sekirite e nan bon kondisyon liyèn.
- Kowopere ak pwopriyetè a: di li si gen reparasyon ki merite fèt.
- Kowopere ak PHA a pou enspeksyon fèt: premye enspeksyon, enspeksyon ki fèt chak ane ak enspeksyon ki fèt si lokatè a oubyen pwopriyetè a pote plent.

Responsablite pwopriyetè a

- Respekte kondisyon ki nan kontwa lwaye a
- An jeneral, fè antretyen kay la/apatman an, e kenbe l nan kondisyon ki satisfè regleman sou bon kalite lojman ki detaye nan ti liv sa a.
- Kowopere ak lokatè a: reponn rapidman tout demand pou reparasyon ki nesèsè.
- Kowopere ak PHA a pou enspeksyon fèt: premye enspeksyon, enspeksyon ki fèt chak ane ak enspeksyon ki fèt si lokatè a oubyen pwopriyetè a pote plent, san bliye obligasyon pou l fè reparasyon ki nesèsè yo.

Dokiman sa a se tradiksyon yon dokiman legal HUD pibliye. HUD mete tradiksyon sa a a la dispozisyon ou kòm yon senp mwayen konvenab pou ede w konprann dwa w ak obligasyon w. Vèsyon dokiman sa a ki nan lang angle, se sèl dokiman ki ofisyèl, legal e ki gen valè. Dokiman tradui sa a se pa yon dokiman ofisyèl.